

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan anu dipedar di bab IV, kacindekan ieu panalungtikan diébréhkeun saperti ieu di handap:

- 1) Kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII B MTs Mohamad Toha Cimahi taun ajaran 2013/2014 saméméh ngagunakeun média *kartu kata bergambar* téh kurang. Ieu hal bisa katitén dina rata-rata peunteunna nya éta 47,5. Aya lima aspék nu dipeunteun, nya éta: aspék nu kahiji nya éta kualitas lingkup jeung eusi, rata-rata skorna 1,9, ieu kaasup kana katégori kurang pisan; aspék nu kadua nya éta aspék organisasi jeung tampilan eusi, rata-rata skorna dua, ieu kaasup kana katégori kurang; aspék nu katilu nya éta struktur kalimah, rata-rata skorna 2,5, ieu kaasup kana katégori kurang; aspék nu kaopat nya éta éjahan, rata-rata skorna 2,5, ieu kaasup kana katégori kurang; jeung aspék nu kalima nya éta karapihan tulisan, rata-rata skorna tilu, ieu kaasup kana katégori sedeng.
- 2) Kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII B MTs Mohamad Toha Cimahi taun ajaran 2013/2014 sabada ngagunakeun média *kartu kata bergambar* téh mampuh. Ieu hal bisa katiten tina rata-rata peunteunna nya éta 72,3. Aya lima aspék nu dipeunteun, nya éta: aspék nu kahiji nya éta kualitas lingkup jeung eusi, rata-rata skorna 3,9, ieu kaasup kana katégori sedeng; aspék nu kadua nya éta aspék organisasi jeung tampilan eusi, rata-rata skorna 3,7, ieu kaasup kana katégori sedeng; aspék nu katilu nya éta struktur kalimah, rata-rata skorna 3,7, ieu kaasup kana katégori sedeng; aspék nu kaopat nya éta éjahan, rata-rata skorna 3,6, ieu kaasup kana katégori sedeng; jeung aspék nu kalima nya éta karapihan tulisan, rata-rata skorna 3,6, ieu kaasup kana katégori sedeng.

- 3) Aya ngaronjatna kamampuh nulis karangan eksposisi siswa kelas VII B MTs Mohamad Toha Cimahi taun ajaran 2013/2014 antara saméméh jeung sabada ngagunakeun média *kartu kata bergambar*. Rata-rata pratés 47,5 ngaronjat jadi 72,3 dina pascatés. Aspék kualitas lingkup jeung eusi, rata-rata skor pratés 1,9, ngaronjat dina pascatés jadi 3,9, aspék organisasi jeung tampilan eusi, rata-rata skor pratés dua, ngaronjat dina pascatés jadi 3,7, aspék struktur kalimah, rata-rata skor pratés 2,5, ngaronjat dina pascatés jadi 3,7, aspék éjahan, rata-rata skor pratés 2,5, ngaronjat dina pascatés jadi 3,6, aspék karapihan tulisan, rata-rata skor pratés 3, ngaronjat dina pascatés jadi 3,6.
- 4) Aya bédha anu signifikan antara kamampuh nulis karangan eksposisi siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun média kartu kata bergambar ka siswa kelas VII B MTs Mohamad Toha Cimahi taun ajaran 2013/2014. Ieu dibuktikeun dina uji hipotésis. Dumasar kana hasil data yén $t_{\text{itung}} (15,5) > t_{\text{tabel}} (2,44)$, hartina hipotésis kerja (H_a) ditarima jeung hipotésis nol (H_0) ditolak. Hartina média kartu kata bergambar bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan eksposisi.

5.2 Saran

Dumasar kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun, aya sababaraha saran anu ditepikeun, nya éta saperti ieu di handap:

- 1) Dumasar kana hasil panalungtikan, média *kartu kata bergambar* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan. Ku kituna ieu média bisa dijadikeun salahiji alternatif média pangajaran nulis, hususna dina pangajaran nulis karangan eksposisi.
- 2) Upama guru rék maké média *kartu kata bergambar* dina pangajaran, hal-hal nu kudu diperhatikeun téh guru kudu bisa milih gambar nu ngirut siswa jeung luyu kana pangajaran nu rék ditepikeun.
- 3) Lantaran ieu panalungtikan ngeunaan média *kartu kata bergambar* dina pangajaran nulis di MTs ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, kudu aya deui panalungtikan ngeunaan média *kartu kata bergambar* lianna nu leuwih jembar.

Riki Sugiarto, 2014

Média Kartu Kata Bergambar Dina Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu